

Kesyon paran yo poze (swit)

K: Kouman yo detèmine nan ki klas pou mete pitit mwen an?

R: Y ap detèmine nan ki klas pou mete pitit ou a dapre dat li fèt. Si pitit ou ap gen **senkan** vè 31 desanm 2009 (si li fèt an 2004), pitit ou kalifye pou antre nan lekòl matènèl nan mwa Septanm 2009. Si pitit ou ap gen **sizan** anvan 31 desanm 2009 (si li fèt an 2003), pitit ou a oblije al lekòl, epi li kalifye pou antre nan Klas 1^{ye} ane.

K: Gen yon moun ki sigjere pitit mwen an bezwen sèvis Edikasyon espesyal. Kisa mwen dwe fè?

R: Yo ofri sèvis Edikasyon espesyal lè yon evalyasyon detèmine pitit ou a bezwen sèvis sa yo.

K: Kisa k ap pase si pitit mwen an pa pale angle?

R: Ou ka enskri pitit ou a nan yon kou bileng oswa nan yon pwogram nan de lang *dual language*, oswa yo ka ofri pitit ou enstriksyon nan angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language (ESL)*.

Lekòl te ouvri 8 septanm 2009.

Pou plis enfòmasyon sou enskripsyon tanpri kontakte biwo enskripsyon nan minisipalite yo fason sa yo :

	DISTRI	ADRÈS	TELEFÒN
BX	7, 9, 10	1 Fordham Plaza, Bronx 10458	(718) 741-8495
	8, 11, 12	1230 Zerega Avenue, Bronx 10462	(718) 828-2975
	8, 11, 12	3450 East Tremont Avenue, Bronx 10465	(718) 794-7420
BK	17, 18, 22	1780 Ocean Avenue, Brooklyn 11230	(718) 758-7687
	20, 21	415 89th Street, Brooklyn 11209	(718) 759-4914
	13, 14, 15, 16	29 Fort Greene Place, Brooklyn 11217	(917) 696-5790
	19, 23, 32	1665 St. Mark's Avenue, Brooklyn 11233	(718) 922-4946
M	1, 2, 4	333 Seventh Avenue, 12th Fl., New York 10001	(917) 339-1755
	3, 5, 6	388 West 125th Street, 7th Fl., New York 10027	(212) 342-8300
Q	24, 30	28-11 Queens Plaza North, Long Island City 11101	(718) 391-8386
	25, 26	30-48 Linden Place, Flushing 11354	(718) 281-3791
	27	82-01 Rockaway Boulevard, Ozone Park 11416	(718) 348-2929
	28, 29	90-27 Sutphin Boulevard, Jamaica 11435	(718) 557-2774
SI	31	715 Ocean Terrace, Bldg. A, Staten Island 10301	(718) 420-5629

Early Childhood Education

52 Chambers Street, Room 213, New York, NY 10007 • 212.374.0351

<http://schools.nyc.gov/earlychildhood>



T&I-10976 (Haitian Creole) K-1



Ètap pou reyisi

Enskripsyon pou Klas matènèl ak Klas 1^{ye} ane

Pwosesis enskripsyon

Si pitit ou ap gen **senkan** disi 31 desanm 2009, li kalifye pou antre nan lekòl matènèl nan mwa Septanm 2009.

Si pitit ou ap gen **sizan** 31 desanm 2009 pou pi ta, li obligatwa pou l ale lekòl, epi li elijib pou antre nan Klas 1^{ye} ane.

Si w vle jwenn enfòmasyon osijè pwosesis enskripsyon nan Klas matènèl ak Klas 1^{ye} ane, tanpri telefone 311 oswa ale sou sit wèb DOE nan <http://schools.nyc.gov/FindASchool>

Dokiman

Lè w pral vizite lekòl nan zòn lakay ou a avèk pitit ou a, tanpri pote dokiman ki pwouve laj li genyen, adrès li, ak kat vaksinasyon li.

Prèv laj

- Y ap aksepte **orijinal batistè oswa sètifika batèm timoun** lan ki gen so ak siyati moun ki otorize pou siyen l; oswa
- Yon **paspo** ofisyèl ki endike dat nesans li.

Prèv adrès

Li pa dwe date plis pase 60 jou depi ou resevwa l.

Nenpòt nan bagay sa yo:

- Yon bødwo sèvis piblik (gaz, dlo, oswa elektrisite), pa egzanp, Con Edison, KeySpan Energy oswa Long Island Power Authority)
- Dokiman ki gen papye antèt gouvènman federal, Leta oswa lokal (paegzanp, IRS, City Housing Authority, Administration for Child Services oswa yon kontra ak ACS ki endike non ak adrès moun k ap viv nan kay la)
- Lèt atestasyon sou adrès, si sa aplikab, dapre regleman A-101 Chanselye

OSWA yon melanj de nan lis ki pi ba a :

- Kontra lwaye, papye kay oswa deklarasyon ipotèk (Mortgage)
- Bødwo taks ou peye sou pwopriete
- Bødwo dlo
- Papye ofisyèl kote yo fè pewòl (paegzanp, fòm /resi taks)

Tanpri sonje ou dwe vini avèk timoun lan nan lekòl la lè w ap enskri li.

Nou egzije pou timoun k ap anfre nan klas mat n l ak klas 1^{re} ane & yon egzamen medikal

Li obligatwa pou tout nouvo elèv k ap anfre nan lekòl la fè yon egzamen medikal. Yon doktè Depatman Sante ak Ijyèn mantal *Department of Health and Mental Hygiene* (DOHMH) vil Nouyòk ka konsilte pitit ou a si w pa ka jwenn yon doktè sou bò pa w.

Obligasyon pou timoun lan pran vaksen

Nou ka admèt pwovizwaman timoun ki pa ranpli kondisyon sa yo depi yo pwojite pran rès dòz yo rete nan plan vaksinasyon yo.

KLAS MATÈNÈL	KLAS 1 ^{ye} ANE RIVE 12 ^{yèm} ANE
Difteri, Tetanòs, Koklich (DTP, DTaP) : 4 dòz	Difteri, Tetanòs, Koklich (DTP, DTaP) : 3 dòz Vaksen DTaP (apati 1^{ye} janvyè 2007, pou tout timoun ki fèt 1^{ye} janvyè 1994 oswa apre, e k ap anfre nan klas 6^{yèm} oswa 7^{yèm} ane) : 1 dose
Polyo (IPV oswa OPV) : 3 dòz	Polyo (IPV oswa OPV) : 3 dòz
Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl (MMR) : 2 dòz Premye dòz kont lawoujòl la jou li gen ennan oswa apre, dezyèm dòz lawoujòl (nou pito li pran MMR) lè li gen 15 mwa, epi omwen 28 jou apre premye dòz la.	Lawoujòl, Malmouton, Ribeyòl (MMR) : 2 dòz Premye dòz la jou li gen ennan oswa lè l gen plis pase ennan, pou timoun ki fèt 1 ^{ye} janvyè 1985 oswa apre, dezyèm dòz kont lawoujòl (nou ta pito li pran MMR) apre 15 mwa, epi omwen 28 jou apre premye dòz la.
Varisèl : 1 dòz jou li gen ennan oswa apre	Varisèl : 1 dòz (Klas 1 ^{ye} , 2 ^{yèm} , 3 ^{yèm} , 4 ^{yèm} , 6 ^{yèm} , 7 ^{yèm} ak 8 ^{yèm} ane)
Epatit B (HBV) : 3 dòz	Epatit B (HBV) : 3 dòz 3 dòz epatit B pou timoun oswa, pou timoun laj 11 zan rive 15 zan, 2 dòz, epi omwen sou 4 mwa entèval, vaksen adiilt Merck HB (Recombivax). Dokiman dwe pwouve aklè kalite vaksen ak dòz yo dwe bay timoun lan.

Depi Jiyè 1996, nou egzije nouvo elèv k ap anfre nan lekòl segondè vil Nouyòk fè asirans pou swen lasante (PDD).

Gen asirans pou swen lasante gratis oswa abonmache ki disponib pou tout timoun ki poko gen 19 ane pa lentèmedyè Pwogram *Child Health Plus* Leta Nouyòk, kèlkeswa kondisyon imigrasyon timoun lan oswa paran li. *Child Health Plus* ofri swen medikal yon timoun bezwen, tankou egzamen fizik, swen ka doktè je ak ka dantis, vaksinasyon, ak preskripsyon. Si w vle gen plis enfòmasyon, telefòn 311, oswa ale nan youn nan Biwo asirans DOHMH pou swen lasante ki pre lakay ou, nou site nan pwochen paj la.

Tanpri pote avèk ou dokiman ki pwouve adrès, laj, idantite ak kantite lajan fanmiy an touche nan yonn nan lokal nou site pi ba a. Telefòn davans pou konfime lè lokal sa yo louvri.

BRONX	Tremont Health Center 1826 Arthur Avenue, Basement, Bronx, NY 10457	(718) 466-8842
BROOKLYN	Brownsville Health Center 259 Bristol Street, 2nd Floor, Brooklyn, NY 11212	(718) 495-8235
	Fort Greene Health Center 295 Flatbush Ext., 5th Floor, Brooklyn 11201	(718) 643-4467
	Homecrest Health Center 1601 Avenue S, Room 113, Brooklyn 11229	(718) 336-2553, estansyon 144/145
QUEENS	Corona Health Center 34-33 Junction Blvd., Room B5, Jackson Heights 11372	(718) 476-7189
	Parsons Boulevard 90-37 Parsons Boulevard, Jamaica, NY 11432	(718) 262-5512
MANHATTAN	Chelsea Health Center 303 Ninth Avenue, 1st Floor, New York, NY 10001	(212) 244-0841
	Washington Heights Health Center 600 West 168th Street, Basement, New York 10032	(212) 491-1661 (212) 491-4453
STATEN ISLAND	Richmond Health Center 51 Stuyvesant Place, Room 203, Staten Island 10301	(718) 420-6071

Kesyon paran yo poze

K: Nan ki lekòl pitit mwen prale? Èske mwen ka chwazi yon lekòl?

R: Anjeneral, se adrès ou ki detèmine nan ki lekòl pitit ou prale.

K: Kouman mwen ka jwenn ransèyman pou detèmine kote lekòl pou elèv nan zòn pitit mwen abite a sitiye?

R: Ou kapab telefòn 311, epi bay yo adrès ou, oswa ale sou sit wèb DOE a nan <http://schools.nyc.gov> epi swiv eksplikasyon n ap bay pi ba yo :

Anba kote ki make "*Find A School*".

- itilize ti flèch ki anba "School Level" la pou ka jwenn klas pitit ou a pral fè;
- klike sou "Begin Search".
- Swiv eksplikasyon ki sou ekran an